



## Fèmte Tanporè

Nimewo Politik la : FO-26-03

Dat piblikasyon : 6 me 2026

Dat antre an vigè : 6 me 2026

Aplikabilite : Gwoup ak laj eskolè ak pwogram ki finanse yo

---

### KONTÈKS

Pafwa, yon pwogram Gwoup ak Laj eskolè (GSA) oswa finanse ka bezwen fèmten tanporèman. Atravè politik sa a, Depatman edikasyon ak swen timoun piti (EEC) etabli yon opsyon Fèmte tanporè pou pwogram ki chwazi rete lisansye oswa apwouve pandan y ap sispann tanporèman sèvis swen pou timoun (fèmte abityèl pandan sezon ete pa ladann).

### OTORITE

- 606 CMR 7.04(15) : Notifikasyon pou Depatman an

### DEKLARASYON POLITIK

GSA ak pwogram finanse ki bezwen fèmten operasyon swen pou timoun tanporèman pou yon peryòd plis pase twa semèn, men mwens pase sis mwa, ka soumèt yon tranzaksyon Fèmte tanporè nan Pòtal Baz done analitik sou edikasyon nan afè lisans (LEAD). Pwogram yo ka bezwen fèmten pou divès rezon, tankou, men pa sèlman :

- Domaj akòz dife, inondasyon, oswa lòt dezast natirèl lè pa gen okenn lòt kote tanporè ki disponib ;
- Demenaje nan yon nouvo espas ki poko pare ; oswa
- Renovasyon.

Pwogram ki regilyèman sispann operasyon pandan mwa ete yo pa bezwen ranpli yon tranzaksyon Fèmti tanporè.

Si gen sikonstans ki bezwen pou yon pwogram ki fèmen tanporèman rete fèmen pou yon peryòd ki depase sis mwa, men pa plis pase 12 mwa, yon pwogram ka chèche yon pwolongasyon nan kontakte founisè lisans EEC ki asiye an. EEC ka, nan pouvwa limenm sèl genyen, apwouve fèmti tanporè pwolonje yo mande a sou yon baz ka-pa-ka avèk apwobasyon Direktè rejyonal la. Pwogram yo ka konsidere kòm fèmen tanporèman sèlman pou yon maksimòm 12 mwa. Pwogram ki bezwen rete fèmen pi lontan pase 12 mwa yo dwe soumèt yon tranzaksyon nan pòtal LEAD la pou fèmen pwogram nan. Pwogram yo ka aplike ankò pou lisans oswa apwobasyon lè yo pare pou relouvri<sup>1</sup>.

*Tanpri sonje pwogram ki fèmen tanporèman yo pa ka aplike pou oswa resètifye sibvansyon C3 pandan yo fèmen, paske se sèlman pwogram ki louvri pou sèvi timoun ki elijib pou sibvansyon sa yo. Anplis, yon Fèmti tanporè pa satisfè definisyon Fèmti an ijans jan sa etabli nan [politik asistans finansye swen timoun \(CCFA\)](#). Se poutèt sa, EEC pa pral bay peman asistans pou swen timoun nan yon pwogram GSA oswa finansse ki fèmen tanporèman.*

## **NOTIFIKASYON**

- **Notifikasyon pou EEC** : Dapre 606 CMR 7.04(15)(n), pwogram yo dwe notifye EEC nan bay avi alekri pou founisè lisans ki asiye an omwen 30 jou anvan yon fèmti tanporè, lè sa posib. Si yon pwogram bezwen fèmen akòz sikonstans enprevi, pwogram nan dwe notifye founisè lisans li a pi vit posib apre li rekonèt nesosite pou fèmti a. Tout pwogram ki mande fèmti tanporè yo dwe soumèt tou yon tranzaksyon Fèmti tanporè nan pòtal LEAD la.
- **Notifikasyon pou Fanmi yo** : Pwogram nan dwe notifye fanmi yo omwen 30 jou anvan yon fèmti tanporè, lè sa posib. Si yon pwogram bezwen fèmen akòz sikonstans enprevi, pwogram nan dwe enfòmè fanmi yo pi vit ke posib apre li rekonèt nesosite pou fèmti a. Notifikasyon sa a dwe gen ladan dire ki prevwa pou fèmti tanporè a, si yo konnen l. Si fanmi an resevwa asistans finansye pou swen

---

<sup>1</sup> EEC pral travay avèk pwogram sa yo pou apwouve aplikasyon an pou relouvri pi vit posib.

timoun, pwogram nan dwe bay fanmi an enstriksyon sou ki moun pou kontakte nan ajans Resous ak referans swen timoun nan (CCRR) pou asistans pou jwenn swen altènatif an akò avèk [politik CCFA](#). Si yon timoun ki nan yon plas ki gen kontra, òganizasyon an ka sipòte tranzisyon fanmi yo nan yon lòt kote nan kad kontra a, si yo vle.

- Notifikasyon pou CCRR : Pwogram k ap sèvi timoun k ap resevwa asistans finansye pou swen timoun EEC yo dwe voye notifikasyon bay CCRR pi vit posib apre yo rekonèt nesosite pou fèmen tanporèman. Pwogram yo dwe travay avèk CCRR pou konekte avèk fanmi yo pou asire yon tranzisyon an dousè nan yon nouvo plasman, si yo mande sa.

### **REOUVÈTI APRE YON FÈMTI TANPORÈ**

Lè yon GSA oswa yon pwogram finansye pare pou relouvri apre yon fèmti tanporè, titilè lisans lan dwe notifiye EEC nan soumèt yon tranzaksyon Siprime fèmti tanporè nan pòtal prensipal la omwen 30 jou anvan dat ouvèti yo prevwa a. Nan kad tranzaksyon sa a, tout pwogram yo pral oblije soumèt yon aktyèl Lis kontwòl dosye anplwaye ak Orè anplwaye ki ajou. Anplis, pwogram ki fèmen tanporèman akòz renovasyon oswa domaj yo ka oblije soumèt enspeksyon ki ajou pou bilding, dife, ak sante.

Nan 15 jou ouvrab apre notifikasyon an, founisè lisans pwogram nan pral vizite pwogram nan pou konfime konfòmite avèk tout kondisyon sante ak sekirite ki enpòtan yo. EEC dwe aksepte yon plan konfòmite, si sa nesèsè, anvan yo pèmèt pwogram nan relouvri. Lè li detèmine pwogram nan konfòmè l konplètman, founisè lisans la pral notifiye pwogram nan alekri pou fèl konnen li ka rekòmanse pran swen timoun yo.

Fèmti tanporè pa dwe chanje dat lisans la oswa renovèlman apwobasyon an oswa okenn lòt obligasyon regilasyon, tankou, men pa sèlman, sa ki gen rapò ak renovèlman, frè, oswa devlopman pwofesyonèl chak ane. Si lisans oswa apwobasyon pwogram nan ekspire pandan fèmti a, pwogram nan dwe soumèt yon tranzaksyon renovèlman nan pòtal prensipal la anvan apwobasyon pou rekòmanse operasyon aktif yo. Anplis vizit sante ak sekirite ki nesèsè pou relouvri a, EEC pral fè yon vizit renovèlman pa pita pase 30 jou apre pwogram nan rekòmanse pran swen timoun yo.

Si pwogram nan te deplase pandan fèmti tanporè a, pwogram nan dwe soumèt yon tranzaksyon Deplasman nan LEAD. Vizit Deplasman an dwe satisfè egzijans vizit sante ak sekirite ki detaye pi wo a.

## **KONFÒMITE**

Pwogram k ap antre nan yon estati fèmti tanporè yo ap sispann operasyon pwogram swen timoun yo epi yo pa gen dwa rekòmanse swen pou timoun jiskaske yo apwouve pou relouvri. Fonksyone pandan yon ti tan fèmti ta konstitye yon vyolasyon reglemantè grav ki ka gen yon enpak negatif sou lisans oswa apwobasyon pwogram nan.